

**DOKUMEN NEGARA
SANGAT RAHASIA**

**PENILAIAN AKHIR TAHUN
(PAT)
MI PSM SATRIYAN
TAHUN PELAJARAN 2020 / 2021**



Mata Pelajaran	: Bahasa Jawa
Hari Tanggal	: Sabtu , 13 Maret 2021
Waktu	: 10.00 – 11.30 WIB

**KANTOR KEMENTERIAN AGAMA
KABUPATEN NGAWI**

Pilihlah salah siji jawaban sing benenr!

1. Piwulang kebecikan (pitutur luhur) kang ana ing sajroning crita diarani ...
 - a. Pesen/amanat
 - b. Setting
 - c. Sudut pandang
 - d. Paraga
2. Karangan sing isine nyritakake sawijining rerangen kedadeyan sing ditulis kanthi urut dijumbuhake karo urutan waktu diarani ...
 - a. Narasi
 - b. Argumentasi
 - c. Dheskripsi
 - d. Persuasi
3. Ciri-cirine karangan dheskripsi yaiku...
 - a. Ana unsur-unsur rerangkene crita
 - b. Adedhasar urutan waktu kang runtut
 - c. Ngutamakake pikiran timbang perasaan
 - d. Kanggo nggambarake samubarang
4. Tata urutane nulis karangan dheskripsi yaiku ...
 - a. Nemtokake judhul banjur nemtokake tema lan ditulis kanthi tata urutan wektu
 - b. Nemtokakae objek,tujuwan,lan sakabehane aspek banjur gawe warangka
 - c. Diwiwiti golek ide banjur digandheng-gandheng kanthi rumus 5W + 1H
 - d. Nemtokake objek lan tujuwan banjur nyritakake kapriye dumadine kedadeyan
5. Tujuan utama lan isine tembang dolanan sejatine kanggo menehi piwulang marang bocah-bocah ngenani ...
 - a. Ilmu pengetahuan
 - b. Ketrampilan
 - c. Olah raga
 - d. Budi pekerti
6. Salah sijine ciri-ciri tembang dolanan yaiku ...
 - a. Wujude sederhana
 - b. Cakepane umume dawa
 - c. Tembunge angel diapalne
 - d. Mesti ana pengarang

Wacanen kanggo mangsuli no 7 lan 8 !

Lumbung Desa

Lumbung desa pra tani padha makarya,

Ayo dhi, jupuk pari nata lesung nyandhak alu,

Ayo yu, padha nutu yen wes rmpung nuli adang,

Ayo kang, dha tumandang yen wes mateng nuli madhang.

7. Piranthi kanggo ngolah pari dadi beras jroning tembang ing duwur yaiku ...
- Mesin selep
 - Lesung lan alu
 - Mesin giling
 - Lumpang watu
8. “Yen wes mateng nuli madhang “
Tembung madhang basa krama aluse ...
- Mangan
 - Nedhi
 - Nedha
 - Dhahar
9. Sadurunge nglagokake sawijining tembang kudune ngerti ... tembang
- Titi larase
 - Asal usule
 - Pengarange
 - Dawa cendhake
10. Sandhangan aksara jawa sing digunakake kanggo swara (e) kaya ing tembung : lele lan sate jenenge ...
- Taling (ꦠꦭꦶꦁ....)
 - Pepet (ꦥꦺꦥꦺꦠ)
 - Suku (...ꦱꦸꦏꦸ)
 - Wulu (ꦮꦸꦭꦸ ...)

Gatekno geguritan ing ngisor iki !

Guyup Rukune si Semut
Si blekithi
Nadyan alit ringkih
Tansah nengenake komunikasi
Guyup rukun anggung den jagi
Engga kwawa ngusung boga gung aluhur
Prakarya abot bisa rampung

11. Sing dikarepake si blekithi jroning geguritan ing dhuwur yaiku ...
- Tawon
 - Manuk
 - Kupu

- d. Semut
12. Watak sing diduweni si blekithi yaiku ...
- Guyup rukun
 - Angkara murka
 - Seneng tukaran
 - Seneng adu-adu
13. Sing diutamakake dening si blekithi nalika isih urip yaiku ...
- Komunikasi
 - Bedigasan
 - Demontrasi
 - Cecongkrahan
14. Watak si blekithi sing kudu ditiru yaiku anggone seneng ...
- Tukaran
 - Memungsuhan
 - Gotong royong
 - Tukar padu
15. Menawa niru watake si blekithi , nalika tandang gawe senjata ana prakaryan abot ...
- Tambah abot
 - Gampang rampung
 - Gampang wedi
 - Tambah suwe
16. Salah sijine jenis karangan sastra Jawa sing dikarang kanthi nengenake rasa kaendahan diarani ...
- Cangkriman
 - Geguritan
 - Parikan
 - Paribasan
17. Hadi mau *diceluk* bapak ora krungu.
Tembung diceluk benere ...
- Didukani
 - Ditimbali
 - Diutus
 - Didhawuhi
18. Bapak isih durung gelem turu .
Ukara iki yen diowahi nganggo basa ngoko alus ...
- Bapak isih durung kersa tilem
 - Bapak isih durung kersa sare
 - Bapak isih durung purun tilem
 - Bapak isih durung purun sare

19. Cita kewan sing nggambarake watak wantune manungsa diarani ...

- a. Sage
- b. Legendha
- c. Fabel
- d. Mite

20. Cita rakyat sing isine cita bab kesakten ,keluwihan ,lan kepahlawanan sawijine tokoh diarani ...

- a. Fabel
- b. Sage
- c. Mite
- d. Legendha

21. Kanggo nulis tembung “ kari siji “ sandhangan sing digunakake yaiku ...

- a. Taling (ꦠꦭꦶꦁ...)
- b. Pepet (ꦥꦺꦥꦺꦠ.....)
- c. Suku (ꦱꦸꦏꦸ...)
- d. Wulu (ꦮꦸꦭꦸ...)

22. Tembung “ telu “ yen ditulis nganggo aksara Jawa migunakake sandhangan swara ...

- a. Pepet lan wulu
- b. Taling lan wulu
- c. Pepet lan suku
- d. Taling lan suku

23. Sandhangan “ wulu “ , “pepet” , lan “ layar “ ditulis ing ... aksara sing disandhangi

- a. Kiwane
- b. Tengene
- c. Ngisore
- d. Dhuwure

24. Tembung “bubur jeneng” yen ditulis nganggo aksara Jawa ...

- a. ꦧꦸꦧꦸꦫꦗꦺꦤꦺꦁ
- b. ꦧꦸꦧꦸꦫꦗꦺꦤꦺꦁꦏꦺ
- c. ꦧꦸꦧꦸꦫꦗꦺꦤꦺꦁꦏꦺꦴ
- d. ꦧꦸꦧꦸꦫꦗꦺꦤꦺꦁꦏꦺꦴꦏꦺ

25. Bukune Pramana kok ketemu, olehmu ... ing ngendi wae ?

- a. Nggoleki
- b. Nggolekake
- c. Digoleki

d. Golekana

26. Genthengmu ketoke trocoh ,ing kene kok katon ...

- a. Kinepyur
- b. Kumepyur
- c. Dikepyur
- d. Kepyurana

27. Olehmu nukokake buku adhimu mau kakehan siji .

Pangrimbage tembung “ nukake “ yaiku ...

- a. Ater-ater n - + nuku + panambang – ake
- b. Ater-ater n- + tuku + panambang – ake
- c. Ater-ater n- + nokok + panambang – ake
- d. Ater-ater n - + tukok + panambang – ake

28. Perangan crita sing ngenalake para paraga (tokoh) ,wektu kedadayan, lan papan panggonan diarani ...

- a. Orientasi
- b. Komplikasi
- c. Resolusi
- d. Eksposisi

29. Perangane crita kang mujudake kapriye anggone ngudhari reribet jroning kedadayan diarani ...

- a. Orientasi
- b. Komplikasi
- c. Resolusi
- d. Eksposisi

30. Peperangan inti nganti tumekane pucuking kedadayan utawa masalah diarani ...

- a. Orientasi
- b. Komplikasi
- c. Resolusi
- d. Eksposisi

31. Pawarta kang lumrahe kapacak ana ing ariwati ,kalawarti,apadene wara-wara (lumantar selebaran,brosur,pamflet, lan sapanunggalane) serta kapajang ing papan pengumuman diarani ...

- a. Lisan
- b. Wacan
- c. Tulisan
- d. Gagasan

32. Rukun agawe santosa , crah ...

- a. Agawe susah
- b. Agawe kerah
- c. Agawe bubrah

- d. Njalari bungah
33. Tembung loro sing padha tegese (artine) utawa meh padha kang dienggo bebarengan tujuwane kanggo mbangetake diarani tembung ...
- a. Entar
 - b. Garba
 - c. Saroja
 - d. Camboran
34. Tembung loro utawa luwih sing dirangkep (digabung) dadi siji sok-sok banjur duwe teges anyar diarani tembung ...
- a. Entar
 - b. Garba
 - c. Saroja
 - d. Camboran
35. Ukara ing ngisor iki sing nggunakake tembung entar yaiku ...
- a. Karo kanca kuwi kudu *guyup rukun* aja seneng tukaran
 - b. Muga-muga kabeh keluargamu tansah *seger kuwarasan*
 - c. Nyambut gawe mepeng kanggo golek *sandhang pangan*
 - d. Direwangi nyambut gawe *adus kringet* mekso durung cukup
36. Tembang macapat iku kaiket anane paugeran ...
- a. Guru gatra, guru wilangan, lan guru wanda
 - b. Guru lagu, guru wilangan, lan guru sastra
 - c. Guru wilangan , guru lagu, lan guru swara
 - d. Guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu
37. Cacahe wanda saben sa gatra jroning tembang macapat diarani ...
- a. Guru wanda
 - b. Guru lagu
 - c. Guru gatra
 - d. Guru wilangan
38. Cacahe gatra saben pada jroning tembang macapat diarani ...
- a. Guru wanda
 - b. Guru lagu
 - c. Guru gatra
 - d. Guru wilangan
39. Dhong dhinge (tibane swara) ing pungkasane gatra jroning tembang macapat diarani ...
- a. Guru wanda
 - b. Guru lagu
 - c. Guru gatra
 - d. Guru wilangan

40. Ing ngisor iki sing kalebu jinise tembang macapat yaiku ...

- a. Jamuran, Padhang Mbulan, Mijil, Pangkur
- b. Mijil, Pangkur, Dhandhang Gula, Pocung
- c. Kidang Talun, Jamuran, Mijil, Pangkur
- d. Pocung, menthog-Menthog, Mijil, Jamuran

41. Tembung “*dalan rata*” yen ditulis nganggo aksara Jawa ...

- a. 
- b. 
- c. 
- d. 

42. Tulisan _____ yen ditulis latin yaiku ...

- a. Nyekel kuku
- b. Nyekel buku
- c. Seneng buku
- d. Seneng tuku

43. Bapak arep *lunga* menyang Surabaya *numpak* sepur
Tembung sing dicithak miring benere ...

- a. Kesah, nitih
- b. Kesah, numpak
- c. Tindak, nitik
- d. Tindak, numpak

44. Tatacarane nyritakake isine teks pawarta ing becik yaiku ...

- a. Nggunakake tembung –tembung sing angel dingerteni
- b. Olehe nyritakake lancar lan runtut (ora mbulet)
- c. Olehe nyritakake didawak-dawakke supaya suwe
- d. Basa sing digunakake basa sing kasar lan basa campuran

45. Wong sing marani bebaya kena diparibasakake ...

- a. Timun wungkuk jaga imbuh
- b. Kriwikan dadi grojogan
- c. Timun mungsuh duren
- d. Kutuk marani sunduk

46. Unen – unen utawa tetembangan kang kudu dibedhek isine diarani ...

- a. Wangsalan
- b. Paribasan
- c. Cangkriman

- d. Pepindhan
47. Pak demang klambi abang disunduk manthuk-manthuk .
Cangkriman ing dhuwur mujudake cangkriman ...
- a. Wantah
 - b. Pepindhan
 - c. Blenderan
 - d. Wancahan
48. Ngomong ing ngarepe wong akeh kanthi tujuwan tertemtu diarani ...
- a. Nembang
 - b. Sesorah
 - c. Nyindhen
 - d. Nuturi
49. Ironing sesorah (pidato) nggunakake basa ...
- a. Ngoko lugu
 - b. Krama lugu
 - c. Ngoko alus
 - d. Krama alus
50. Ing ngisor iki tuladhane basa ngoko alus yaiku ...
- a. Sampeyan mau rak wis padha sumerep dhewe
 - b. Kowe mau rak wis padha weruh dhewe
 - c. Panjenengan mau rak wis padha weruh dhewe
 - d. Penjenengan mau rak wis padha pirsu dhewe